# ТАЛАНТЛЫ ШАЙЫР Б.СЕЙТАЕВТЫҢ “АЛМА ГҮЛЛЕГЕН ПАСЫЛ” ПОЭМАСЫНЫҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Ш.Сайымбетов**
Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты

## АННОТАЦИЯ

Мақолада қорақалпоқ адабиётининг истеъдодли шоири Б.Сейтаевнинг «Олма гўллаган фасл» поэмасининг бадиий хусусиятлари ўрганилади. Поэмадаги бадиий тасвирлаш усуллари алоҳида талқин қилиниб, «Олма гўллаган фасл»нинг жанрий ўзгачалиги очиб берилади.

**Калит сўзлар:** Поэма сюжети, лирик қаҳрамон, бадиий портрет, бадиий детал, психологик тасвирлаш, лирик тасвирлаш.

# ХУДОЖЕСТВЕННАЯ ОСОБЕННОСТИ ПОЭМЫ “ВРЕМЯ ЦВЕТЕНИЯ ЯБЛОК” ТАЛАНТЛИВОГО ПОЭТА Б.СЕЙТАЕВА

**Ш. Сайымбетов**
Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан

## АННОТАЦИЯ

В статье рассматриваются художественные особенности поэмы «Время цветения яблок» талантливого поэта каракалпакской литературы Б.Сейтаева. Отдельно трактуются приемы художественного описания в поэмы и раскрывается жанровое своеобразие «Время цветения яблок».

**Ключевые слова:** Сюжет поэмы, лирический персонаж, художественный портрет, художественная деталь, психологическая описание, лирическое описание.

# ARTISTIC FEATURES OF THE POEM “THE TIME OF APPLE BLOWING” BY THE TALENTED POET B. SEYTAEV

**Sh. Sayimbetov**
Karakalpak research institute of humanities of the Karakalpak branch of the academy of sciences of the Republic of Uzbekistan

**ABSTRACT**

The article examines the artistic features of the poem “The time of apple bld poet of Karakalpak literature B. Seytaev. The techniques of artistic description in the poem are separately interpreted and the genre originality of “The time of apple blowing” is revealed.

**Key words:** The plot of the poem, lyrical character, artistic portrait, artistic detail, psychological description, lyrical description.

Талантлы шайыр Б.Сейтаев қарақалпақ әдебиятында “Алма гүллеген пасыл” поэмасы менен лиро-эпикалық жанрды раўажландырыўға салмақлы үлес қосты.

Шайырдың “Алма гүллеген пасыл” поэмасы жанрлық жақтан ышқы муҳаббат темасында дөретилген лирикалық поэма болып есапланады. Яғный, поэманың сюжетлик композициялық қурылысында жаслық дәўирлеринде аўылына қыдырып келетуғын қалалы дайы қызын сүйип қалған лирикалық қаҳарманның садалығы ҳәм тартыншақлығы менен өз сүйгенине қосыла алмай, пушайман шегип қалған тәғдири терең лирикалық толғаныслар менен көркем сүўретленген. Поэманың сюжети лирикалық қаҳарманның басқа жигитке турмысқа шығып кеткен сүйген қызы менен көп жыллардан кейин тосаттан ушырасып, оның қолынан шай ишиў, соңынан, хошласыў мәўритлеринен басланады. Поэмада өз ашығын көрип қалыўы менен өткен күнлери ядына түскен лирикалық қаҳарманның жүрек толғаныслары, лирикалық шегинислер, бир-бирине ашық болған еки жастың биргеликте кеширген муҳаббат мәўритлерин еске түсириўлери субъектив психологиялық композициялық принципте көркем сүўретленип, поэма сюжети раўажланып барады. Поэманың жетискенликлеринен бири, онда лирикалық қаҳарманның өз сүйгенине болған муҳаббаты көркем детальлық қәсийетлерге ийе түрли сүўретлеў усыллары арқалы ашып берилген:

Бәҳәр келди тағы да жаснап,
Ески дәртлеримди қозытқан,
Бағ-бағшалар гүлледи аппақ,
Ҳәремлерди безеп собықлар...

Суў сыңғырлап салмадағы,
Сулыў қосықларын айтады,
Босап қалған алма бағы,
Сол күнлерди аўсап жойтады [3, 183-184].

Бул қатарларда шайыр тәбият қубылысларын поэтикалық детальларға айландырып, поэма қаҳарманларының бир-бирине болған мухаббатын пейзажлық сүўретлеўлер арқалы ашып берген болса, төмендеги үзиндиде көркем психологиялық детальлардан шебер пайдаланып, қаҳарман кеўил дүньясындағы күшли муҳаббатты образлы етип эмоционал сәўлелендирген:

Дүнья мегзеп сырлы сағымға,
Ишки дәртин «гизнеп» атқандай.
Жаным өмир «жасырынбағында»,
Еле сизди излеп атқандай [3, 184].

Соның менен бирге, поэмада көркем портретлик ҳәм ҳәрекетли картиналық сүўретлеў усыллары да жийи қолланылып, бул сүўретлеў усылының жәрдеминде шайыр лирикалық қаҳарман менен оны сүйген қыздың гөззаллығын, олардың бирге өткерген қуўанышлы күнлерин жанлы түрде көркем сәўлелендириўге ерисип отырған:

Ақ туфли сары ала шайың,
Жасандырып кийип киятсаң,
Гөззаллығын пүткил дүньяның,
Бойларыңа жыйып киятсаң.

Жерден жети қоян тапқандай,
Қуўанышымыз сыймас қойынға,
Кеўилимиз бәлент аспандай,
Түсип кетер едик ойынға [3, 186].

Әсиресе, поэма қаҳарманларының бир-бири менен көрисиўлери, ушырасыўлары лирикалық шегинислер менен еле де анығырақ ҳәм тереңирек ашып берилгенлигин гүзетемиз. Мәселен:

Әлле қандай нурлы сағымға,
Усар еди әрманларымыз,
Естен кетпес алма бағында,
Узақ ойға талғанларымыз.

...«Аттым саған қызыл алма»! - деп,
Ойнап турып қосық айтар-ең.
«Қумар болсаң уйықлап қалма» - деп,
Жангенемди мениң шайқар-ең [3, 186-187].

Бул сыяқлы лирикалық шегинислер менен ашып берилген қаҳарман еске түсириўлери, субъектив психологиялық сүўретлеўлер арқалы да көркем сәўлелендирилип, поэманың эмоционаллығы арттырылған. Усылар менен бир

қатарда, поэмада диалог формасындағы сүўретлеў усылларынан да шеберлик пенен пайдаланылғанлығын атап өтиўимиз тийис. Мәселен:

- Ҳеш болмаса баплап дайыңның,
Алып кетпейсең бе ылағын,
Ҳәм қатырып «жийен пай»ыңның,
Тислеп қоймайсаң ба қулағын.

Сонда мениң ҳайран қалғаным,
Дәстүрлерди таўып қайдағы,
Билегиме әкеп байладың,
Қол саатты әйнек жайдағы.

- Тирнекли бол енди барқулла,
Болсын мудам кеўилиң өсик,
Әжағамнан қорықпа, тартынба,
Алалмайды қолыңнан шешип [3, 192].

Келтирилген диалоглардағы қыздың лирикалық қаҳарманға карата айтқан гәплери, ҳаслында, оның муҳаббатын сақлап қалыў ушын сүйген ярына айтқан ескертиўлери болып есапланады. Яғный, лирикалық қаҳарман тартыншақлық, натықлық етип жүре берместен, қыздың әкесине, яғный, дайысына бар шынлықты, ишки кеўлиндеги ашықлық сезимлерин билдирип, қызының қолын сорап, ортадағы муҳаббатты беккемлеп қойыўы керек еди. Өз нәўбетинде, лирикалық қаҳарманның дайысы да өз жийенине разышылығын билдирип, қызы ҳәм жийени ортасындағы мүнәсибетлерге қарсы шықпаған болар еди. Әлбетте, бул поэтикалық пикирлер жоқарыда берилген қосық қатарларында бир-бирин сүйген қаҳарманлардың диалоглары ҳәм көркем деталь хызметиндеги «дайысының ылағын алып кетиў», «жийен пай», «қулақты тислеп қойыў», «қол саатты қолға байлаў», «тирнекли ҳәм кеўилдиң өсик болыўы», «қолдан шешип ала алмаў» ибаралары ҳәм қаҳарманлардың ҳәрекетлери, қыймыл-қозғалыслары менен қосып сүўретлениўи арқалы ашып берилген. Ҳақыйқатында да, қыздың алдынан сезип билгениндей, лирикалық қаҳарман дайысының алдынан өтип қойғанда, өз муҳаббатынан айырылып, сүйгенине қосыла алмай қалмаған болар еди. Демек, диалоглар поэмада айрықша көркем форма сыпатында қолланылып, оның жәрдеминде қызлардың ер жигитлерге қарағанда ертерек ержетип, олардың санасы, ой-өриси бурынырақ писип жетилисетуғынлығы, психологиялық сезимлери де озықлаў болатуғынлығы көркем сәўлелендирилген.

Поэманың соңында лирикалық қаҳарманның сүйген қызына ерисе алмай қалғаннан кейинги пушайманлықлары, әрманлары лиро-психологиялық усылда көркем анық сүўретленген. Мәселен:

Жүрегиниң тыңлап дүрсилин,
Сезимлерим нур емгенин айт.
Қулын яңлы дүр-дүр силкинип,
Алып ушқан минезлерин айт!

Сезимиңди жаўлап аларлық,
Шийрин әрман ойларын айтсеш,
Шаңараққа саўлат боларлық,
Гөззал қәдди бойларын айтсеш!

Кең пейилин айтсеш жайдары,
Ап-ақыллы сөзлерин айтсеш!
Қарамықтай «Бөдене ой» дағы,
Дөнип турған көзлерин айтсеш! [3, 196]

Жуўмақлап айтқанда, Б.Сейтаевтың «Алма гүллеген пасыл» поэмасында бир-бирине ашық болған қаҳарманлар тәғдириниң терең сезимтал лирикалық қатарлар менен көркем сүўретлениўи ҳәм шығармада сюжетли ўақыялардың көркем сәўлелениўинде лирикалық шегинислер менен лиро-психологиялық сүўретлеў усылларының жетекшилик етиўи менен «Алма гүллеген пасыл»да лирикалық сыпат арттырылған.

**ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)**

1. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.
2. Иззат Султон. Адабиёт назарияси. - Тошкент: Ўқитувчи, 2005.
3. Сейтаев Б. Алма гүллеген пасыл (Қосықлар ҳәм поэма). - Нөкис: Билим, 2007.
4. Хализев В.Е. Теория литературы. - Москва: Высшая школа, 2002.